# Qaraqalpaqstan Respublikasında kishi isbilermenlik

2018-jıl yanvar-sentyabrde 1658 jańa kishi kárxana hám mikrofirmalar (fermer hám diyxan xojalıqlarısız) shólkemlestirildi, bul ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 19,7% kóp boldı.

Eń kóp kishi kárxana hám mikrofirmalar awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında (17,5%), sanaat tarmaǵında (22,1%), sawda tarawında (20,7%), qurılıs tarmaǵında (18,3%), jasaw hám awqatlanıwda (6,7%), tasıw hám saqlawda (3,9%) quradı.

## 2018-jıl yanvar-sentyab raylarında jańa shólkemlestirilgen kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi



2018-jıldıń yanvar-sentyabrinde kishi isbilermenlik subektleri tárepinen: – sanaat ónimi islep shıǵarıw kólemi 1142,7 mlrd. swmdı (jámi sanaat islep shıǵarıwdıń 17,7%) yáki 2017-jıldıń yanvar- sentyabrine salıstırǵanda ósiw páti 108,2% ti quradı;



– 950,5 mlrd. swmlıq investiciyalar (ulıwma investiciyalar kóleminiń 26,0%) ózlestirildi hám 2017-jıl yanvar-sentyabrge salıstırǵanda ósiw páti 131,3% ti quradı;



– 1120,8 mlrd. swmlıq qurılıs jumısları (qurılıs jumısları ulıwma kóleminiń 84,5%) ámelge asırıldı hám 2017-jıl yanvar-sentyabrge salıstırǵanda ósiw páti 104,8% ti quradı;



– 1846,8 mlrd. swmlıq xızmetler kórsetilip (ulıwma xızmetler kóleminiń 57,5%), 2017-jıl yanvar-sentyabrge salıstırǵanda ósiw páti 105,2% ti quradı;



– usaqlap satıw tovar aylanısı ulıwma kóleminiń 83,5% yáki 2510,8 mlrd. swmdı, 2017-jıldıń yanvar-sentyabrine salıstırǵanda ósiw páti 2,8 % ti quradı;

– 31,4 mln. AQSh dolları (ulıwma eksport kóleminiń 8,8%), muǵdarında ónimler (tovar hám xızmetler) eksport qılındı, bul bolsa 2017-jıldıń yanvar-sentyabrge salıstırǵanda 2.0 mln. AQSh dollarına yáki 108,2% ge kóp;




– avtomobil transport júk aylanısınıń 4,6% ke (jámi avtomobil transport júk aylanısınıń 90,3%i) kóbeyiwi támiynlendi;

– jolawshı aylanısınıń bolsa 3,0% ke (jámi jolawshı aylanısınıń 97,1%i) kóbeyiwi támiynlendi;

Rayonlar boyınsha eń kóp sanaat ónimleri islep shıǵarıw kólemi Nókis qalası (131,9 mlrd. swm), Xojeli (52,6 mlrd. swm) hám Beruniy (48,4 mlrd. swm) rayonları úlesine tuwrı keledi.

**Kishi isbilermenliktiń úlesi**
**(ulıwma kólemge salıstırǵanda % te)**



## 2018-jıl yanvar-sentyabrde rayonlar boyınsha kishi isbilermenlik (biznes) te sanaat ónimi islep shıǵarıw kólemi hám ósiw páti




## 2018-jıl yanvar-sentyabrde rayonlar boyınsha kishi isbilermenlik (biznes) te usaqlap satıw tovar aylanısı kólemi hám ósiw páti



Rayonlar boyınsha eń kóp usaqlap satıw tovar aylanısı kólemi Nókis qalası (630,3 mlrd. swm), Beruniy (273,1 mlrd. swm) hám Xojeli (247,6 mlrd. swm) rayonları úlesine tuwrı keledi.

**2018-jıl yanvar-sentyabrde rayonlar boyınsha kishi isbilermenlik (biznes) te xızmetler tarawı kólemi hám ósiw páti**




Rayonlar boyınsha eń kóp xızmetler kólemi Nókis qalası (959,4 mlrd. swm), Tórtkúl (115,3 mlrd. swm) hám Beruniy (112,1 mlrd. swm) rayonları úlesine tuwrı keledi.

**2018-jıl yanvar-sentyabrde kishi isbilermenliktiń rayonlar boyınsha úlesi (% te)**

| | *Sanaat* | *Qurılıs* | *Xizmetler* |
|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 17,7 | 84,5 | 57,5 |
| rayonlar: | | | |
| Ámiwdárya | 42,9 | 95,5 | 95,9 |
| Beruniy | 58,5 | 95,7 | 96,7 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Qaraózek | 100,0 | 91,2 | 97,8 |
| Kegeyli | 40,6 | 82,7 | 96,7 |
| Qońırat | 72,1 | 22,6 | 20,7 |
| Qanlıkól | 29,4 | 97,9 | 97,5 |
| Moynaq | 7,6 | 94,9 | 96,3 |
| Nókis rayonı | 99,5 | 98,9 | 97,2 |
| Taxiatas | 4,0 | 47,2 | 84,4 |
| Taxtakópir | 100,0 | 100,0 | 97,0 |
| Tórtkúl | 74,4 | 97,9 | 92,5 |
| Xojeli | 54,1 | 85,5 | 73,0 |
| Chımbay | 93,0 | 99,9 | 92,5 |
| Shomanay | 100,0 | 56,7 | 97,5 |
| Ellikqala | 65,7 | 92,4 | 95,6 |
| qala: | | | |
| Nókisq. | 5,2 | 98,0 | 52,0 |

Rayonlar boyınsha sanaat tarawınıń joqarı úlesin Shomanay (100,0%), Qaraózek (100,0%), Nókis rayonı (99,5%), Taxtakópir (100,0%) hám Shımbay (93,0%) Qońırat (78,1%) rayonları quraydı.

Xızmetler tarawında Qaraózek (97,8%), Taxtakópir (97,0%) Kegeyli (96,7%), Shomanay (97,5%), Nókis rayonı (97,2%) hám Taxiatas (84,4%), rayonları quraydı.

Qurılısta Taxtakópir, hám Shımbay (100,0%), Qanlıkól (98,3%) Nókis qalası (98,0%) Ámiwdárya (96,7%), Beruniy (95,7%), Moynaq (94,8%) hám Xojeli (90,1%) rayonları quraydı.

2018-jıldıń yanvar- sentyabrde kishi isbilermenliktiń UAÓdegi úlesi 48,3% ti quradı (2017-jıldıń yanvar- sentyabrde 50,8 %). UAÓ quramında páseyiwi iri kárxanalar úlesi kóbeyiwi menen túsindiriledi.

Ekonomikaliq xızmet túrleri boyınsha 2018-jıl 3-sherek juwmaqlarına kóre, jańadan shólkemlestirilgen mikrofirma hám kishi kárxanalarda tańlamalı gúzetiwler ótkerildi. Onda 41 respondent qatnastı.

Gúzetiw mag`lıwmatları analizi, respondentlerdiń 48,8% ekonomikalıq jag`daydı – qolaylı hám 51,2% dep esaplawın, mas ráwishte awıl, tog`ay hám balıq xojalıg`ında – 50,0% hám 50,0% jaqsilaniu 50,0%, usaqlap satıw tovar aylanısı – 66,7 % hám 33,3 xızmetler tarawında – 33,3% hám 66,7% dı qurag`anın kórsetti.

## Ekonomikalıq jaǵ daydı baxalaw 2018-jıl 3-sherek ushın




**Ekonomikalıq jaǵday jaqsılanıwı jaqın** úsh ayda 62,5 % sanaat kárxanaları, 77,8 % – sawda, 44,4 % – xızmetler, 75,0 % – awıl, toǵay hám balıq xojalıg`ı hám 57,1 % – qurılıs tarmag`ında kútilmekte.

## Ekomikalıq jaǵdayda ózgerislerdiń jaqın úsh ayda baxalanıwı




Analiz nátiyjelerinen kelip shıǵıp, jańadan shólkemlestirilgen kishi kárxanalar hám mikrofirmalarǵa biznes ortalıǵın jaqsılaw ushın islenip atırǵan is ilájlar nátiyjesinde respondentler jaqın keleshekte ulıwma ekonomikalıq jaǵdaydıń jaqsılanıwın unamlı baxalap atırǵanlıǵın juwmaq qılıw múmkin.